



## **PWOSE VÈBAL OFISYÈL KOMITE BOSTON SCHOOL KOMISYON K AP TRAVAY SOU EGZAMEN ADMISYON LEKÒL YO**

**7 Me 2021**

Komisyon k ap Travay sou Egzamen Admisyon Boston School Committee te fè yon reyinyon adistans sou Zoom nan dat ki te 7 Me 2021 an a 5 p.m. Pou plis enfòmasyon sou detay ki anba yo, vizite <https://www.bostonpublicschools.org/esataskforce>, email [feedback@bostonpublicschools.org](mailto:feedback@bostonpublicschools.org) oswa rele Biwo Boston School Committee nan (617) 635-9014.

### **PREZANS**

Manb Komisyon k ap jere Egzamen Admisyon Lekòl yo ki te Prezan: Vis-Prezidan Michael Contompasis; Vis-Prezidan Sullivan; Samuel Acevedo; Acacia Aguirre; Tanya Freeman-wisdom; Katherine Grassa; Zena Lum; Zoe Nagasawa; Rachel Skerrit; Rosann Tung; epi Tamara Wait.

Manb Komisyon k ap Jere Egzamen Admisyon Lekòl yo ki te Prezan: Simon Chernow; ak Matt Cregor.

Pèsonèl BPS ki te Prezan: Monica Roberts, Direktè zafè elèv, Avansman Kominotè ak Fanmi; ak Monica Hogan, Direktris Egzekitif Prensipal Biwo Done ak Responsablite.

### **Domikan Yo Te Prezante**

[Ajanda](#)

[Pwosè vèbal Reyinyon an: 1 Me 2021, Seyans Ekout](#)

[Prezantasyon: Mizajou Sou Egzamen Admisyon Lekòl yo](#)

### **Apèl Pou Fè Demand**

Mr. Contompasis te rele nan reyinyon an pou l fè demand. Li anonse ke te gen sèvis intèpretasyon, Panyòl, Kreyòl Ayisyen, Kap vède, Vyètnamyen, Kantonè, Mandaren, Pòtigè, Somalyen, Arab, ak Lang Siy Ameriken ki te disponib nan moman reyinyon an; entèprèt yo te

prezante yo e bay enstriksyon nan lang matènèl you sou kijan pou patisipan yo chanje chanèl Zoom nan pou yo ka aksede ak sèvis entèpretasyon similtane a.

Madam Parvex te fè apèl. Mesye ak Madam Waite te rive apre yo fin fè apèl.

## APWOBASYON PWOSE VÈBAL REYINYON: 1 ME 2021 SEYANS POU TANDE ELÈV

*Apwouve* - Komisyon an ansanm te apwouve pwosè vèbal seyans pou tandè elèv Komisyon k ak Jere Egzamen Admisyon Lekòl yo 1 Me 2021 an. Madam Sullivan fè abstansyon.

## PREZANTASYON

Monica Roberts, Direktris zafè etidyan, Avansman Kominotè ak Fanmi te prezante yon Mizajou nan Egzamen Admisyon Lekòl yo. Li te bay yon apèsi jeneral sou pwofil kandida yo ak elèv ki resevwa envitasyon pou yo patisipe nan egzamen lekòl yo pou ane lekòl 2021-22 a. Madam Roberts te eksplike ke BPS voye plis envitasyon ane sa a pa rapò ak ane ki pase yo kòm yo espere ke pwosesis admisyon tanporè yo pral gen yon pousantaj prezans pi elve. Pou sa ki gen pou wè avèk kondisyon sosyoekonomik, pousantaj envitasyon an a elèv ki ekonomikman defavorize yo an jeneral ogmante de 33% a 48%, e envitasyon a elèv ki sanabri yo oswa nan swen DCF pase de 29 envitasyon ane pase a 73 envitasyon ane sa a. Li te mansyone tou ke nan kèk kòd postal, te prèske pa t gen chajman nan kantite envitasyon yo, men yo konnen ke kòd postal pou fanmi ki pa gen gwo mwayen te resevwa envitasyon ke ane pase, ansanm avèk kòd postal nan Dorchester, Roxbury ak Mattapan. Nan envitasyon selon ras elèv la, li note ke elèv Nwa ak Latino yo revevwa plis envitasyon ane sa a ke ane pase yon pousantaj de 6%, ak kat pousantaj pwen respetivman. Li te di tou ke elèv BPS yo genyen 75% envitasyon pou ane sa a, li ogmante de 65% pa rapò ak ane ki pase yo. Madam Roberts te fini pou l di ke elèv ki aprann Anglè yo ak elèv ki nan pwogram edikasyon espesyal yo tou resevwa plis envitasyon ke ane ki pase yo.

Manb Komisyon an te fè yon bann demand pou done dezegregasyon apre prezantasyon an, espesyalman lè yo konpare kantite envitasyon ki pase yo ak ane sa a.

Madam Lum te mande kòman 20% plas fè bay ak moun ki gen nòt mwayenn jeneral (GPA) ki fè enpak sou 80% plas ke kòd postal bay. Madam Roberts te eksplike kijan yo bay plas sa yo.

Madam Grassa te poze kesyon sou konpozisyon demografik elèv ke lekòl la aksepte epi poze kesyon sou lefètke plis kandida pral aksepte plas pou egzamen lekòl yo, pa rapò a lòt ane yo. Madam Roberts te eksplike nan ane ki pase yo, elèv yo pat bezwen klase lekòl yo paske distri a te fè sa pou yo, malgre yo te ka pa menm gen entansyon patisipe nan yon egzamen. Madam Skerrit te ajoute ke ekip planifikasyon ak analiz BPS la te etidye kantite envitasyon ane sa a yo de prè, dapre analiz aak pousantaj prezans istorik.

Madam Sullivan te mande Madam Roberts pou l klarifye "tèm merite" plas la, epi eksplike kijan yo te bay 80%, sa ke madam Roberts te fè. Apresa Madam Sullivan te konfime ke yo bay

## Reyinyon Adistans Komisyon k ap Travay sou Egzamen Admisyon Lekòl yo.

Zoom

7 Me 2021

tout plas yo sou baz merit, se sèlman premye 20% plas yo, yo bay nan tout vid la. Yo bay 80% an sou baz kòd postal zòn nan, men nan chak ka, elèv ki gen nòt mwayen jeneral elve yo (GPA) yo ofri yo plas, konsa yo bay tout plas yo sou baz merit.

Madam Lum te mande ki lè distri a ap gen done akseptasyon an, epi li te mande si Komisyon an ka jwenn done ki gen enfòmasyon sa a. Madam Robert te eksplike kòman pwosesis la mache pou fanmi ki aksepte plas nan egzamen yo kòm BPS pa genyen dat akseptasyon presi.

Mesye Contompasis te pase a yon lòt pwèn nan sa yo te ge pou diskite sou kritè admisyon yo epi li bay espas pou kesyon. Madam Sullivan te ajoute ke Komisyon an pral fè yon rekòmandasyon ki reponn ak bezwen chak lekòl, elèv, ak fanmi sa yo, men desizyon final se nan men Komite Lekòl la l ye.

Madam Lum te mande manb komisyon yo si pwojeksyon ke gwoup la fè a satisfè yo nan sa ki gen pou wè ak envitasyon yo pa rapò ak sa yo espere pou yon aksè ak divèsite sosyoekonomik pi laj. Li te di ke yo ta dwe panse sou plis done ki gen nyans ke done nan nivo sektè a ak nivo resansman an nan sa ki konsène divèsite sosyoekonomik kòm youn nan rafinman kritè yo.

Mesye Contonpasis te di ke si yo gade done ke yo wè yo, ta sanble ke gen yon mouvman enkyetid yo te sòlve yo pandan ke yo t ap gade kèk faktè ke yo te diskite nan gwoup travay la. Li te di tou ke li panse ke rezilta kòd postal la ak koneksyon ki genyen avèk tarif revni fanmi yo montre ke li ka gen kèk dezavantaj, sitou pou fanmi ki nan zòn kòd postal sa yo ki gen pi piti revni ke tarif revni rekòmande a. Li di ke sa se yon bagay pou komisyon an pa neglije.

Mesye Acevedo di ke opinyon Mesye Keating sou mizajou tribinal la te ankouraj l. Li te di ke l ap enpòtan pou Komisyon etidye desizyon tribinal la ki ka ba yo yon feedback pou nenpòt rekòmandasyon yo pral fè, epi manb yo ap bezwen asire yo ke rekòmandasyon sa yo ka pwouve-san litij.

Madam Grassa te mande si l pa posib pou yo itilize opportunity Index ke Boston itilize pou l bay finans patenarial. Madam Hogan te eksplike kòman yo kalkile Opportunity Index la ak enfòmasyon yo itilize pou li yo. Li te ajoute ke kòm li se yon ki baze sou kalkil elèv ki nan nivo lekòl la; sa pa t ap anyen, distri lekòl t ap kapab kalkile l pou lekòl ki pa lekòl BPS.

Madam Skerrit te mande èske gen yon bagay ke yo ka jwenn konsènan sosyo-ekonomik nan Depatman Edikasyon Segondè ak Elemantè (DESE) nan Massachusetts. Li te di ankò ke li entèrese nan prezantasyon Detroit la konsènan modèl ke yo devlope alantou de sistèm nòt la.

Doktè Tung te di ke pou yo pale sou kèlkeswa kritè a, l ap bezwen konprann sa ki te rive lè yo te chanje kritè yo. Li te di ankò ke li t ap renmen genyen yon konfèzasyon pi fon sou kisa Komisyon an vle di lè yo pale de "rigor" "rigè" a, sou jan Komisyon an fòme fraz "pou l elaji kantite aplikasyon, Kenbe rigè, ak refilete divèsite elèv Boston".

Mesye acevedo te di ke komisyon an ka fè kèk projeksyon pa rapò a enpak ki genyen lè yo itilize geocode la fas a kòd postal yo eke li t ap bon pou yo ta pase je sou li. Madam Hogan te eksplike ke geocode la te vreman pi piti ke elèv nan Boston ki reta nan plis pase 800 geocode, pa rapò 13

## Reyinyon Adistans Komisyon k ap Travay sou Egzamen Admisyon Lekòl yo.

Zoom

7 Me 2021

kòd postal (plis kòd postal sanabri yo), epi si yo te itilize sa yo, nou t ap rekòmande ke yo gwoupe yo. Madam Sullivan te di ke li kwè ke ekip la ta dwe pase je sou geocode la paske li ka ede yo jwenn pwoblèm ke yo soulve plizyè fwa pandan y ap respekte inegalite ki gen nan revni nan zòn kòd postal yo patikilyèman. Madam Hogan te eksplike ke Chigago itilize sektè resansman an, men pa geocode, epi li te eksplike kijan yo gwoup yo nan ranje ak deskripsyon yo.

Doktè Tung te bay lis pwen yo te debat yo, yo te pale de done kòd fas a sektè resansman an, geocode, Opportunity Index, lekòl ki bay manje, kèk lòt pwen oswa Sistèm balans, oswa kèk konbinezon opsyon sa yo. Mesye Contompasis te ajoute ke li panse ke Komisyon an bezwen re-egzaminen itilizasyon yon evalyasyon kòm yon fason pou idantifye preparasyon eta aplikan yo.

Madam Skerrit te mansyone ke li te vreman entèrese nan sistèm pwen Detroit la ki pèmèt yo te trete elèv antan ke kandida endividyèl, men yo te an mezi an menm tan pou evalye yo lòt fason dapre aspè pwofil yo.

Mesye Contompasis te di ke yo bezwen voye je yo ankò sou itilizasyon nòt epi gade e gade 20% plas nan tout vil la sa a ka itil tou pou yo wè si pa gen modèl konsènan kalite nòt oswa domèn potansyèl kotè nòt yo pi wo oswa menm.

Madam Lum te mande si BPS pa t janm konsidere pwosesis de-etap la pou konnen ki elèv ki kalifye e envite elèv, tankou yon pwosesis admisyon davans nan nivo edikasyon ki pi w, pou elèv ki gen pi gwo pèfòmans kit yo t ap enskri oswa yo pa t ap enskri. Madam Skerritt te ajoute ke si yo pran elèv ki gen pi gwo nòt mwayenn jeneral (GPA) p ap gen plas pou lòt ankò. Madam Sullivan te mande Madam Hogan pou l gade modèl Texas la jan yo elaji envitasyon yo pou elèv ki fè pi gwo pwen nan nenpòt lekòl yo ye.

### KOMANTÈ PIBLIK LA AN JENERAL

- Kathleen Chardavoyne, rezidan Charlestown, paran BPS, ak Boston Latin School (BLS) alumna, temwaney sou dezavantaj kritè kòd postal la.
- Marie Mercurio, rezidan Jamaica Plain, Curley ak paran BLS temwanye an favè egzamen an ak enpak kritè kòd postal la ak bezwen yon lis-datant.
- Tatum Donovan, rezidan South Boston, elèv nan Eliot K-8 Innovation School, te pale sou enpak negatif kritè kòd postal la ak lide l konsènan admisyon yo.
- Ruifeng Li, paran West Roxbury, pale konsènan eksperyans fanmi nan pwosesis admisyon ane sa a ak li pou yo fè yon egzamen.

### FEN KOMANTÈ YO.

Madam Skerrit eksprime apresyasyon l pou moun ki te pale yo pandan moman komantè piplik la e li te fè yo konnen ke manb yo tande avèk anpil atansyon moun ki te vini pou rakonte eksperyans pèsònèl yo. Madam Sullivan pou l fini te di ke li vreman apresye konvèsasyon enpòtan sa yo ke komisyon an kòmanse genyen yo e li pa ka tann pou l wè rezilta yo.

Reyinyon Adistans Komisyon k ap Travay sou Egzamen Admisyon Lekòl yo.  
Zoom  
7 Me 2021

## FEN REYINYON AN

a anviwon 06:55 p.m. yo fè apèl poukomite a vote, pou yo ka fini reyinyon an.

Ateste:



Lena Parvex  
Asistan administratif.